



HOW WELL THE MEDICINE DI WORK?

MIFE + MISO di move belle with no complications and about 95-98% of the time; and e go move the belle for way wey the woma no go need extra medical care.

IN CASE THE MEDICINE NO WORK?



Make e take the medicine again (12 tablets, 4 tablets under your tongue until them melt completely, every 3, 3 hours) or make e go go get Manual Vacuum Aspiration (MVA).-for this method, dem go insert something like syringe inside your woman skin for suck out any part of the belle wey e remain or no commot.

But if the belle no commot after you don take the MISO, small risk dey say the pikin wey you go born fit get problem.



THE BELLE COMMOT COMPLETELY?

Even if the woman feel say e no dey with belle again, e be important say me e confirm say the belle don commot completely.

E go either do scan, or pregnancy test 3-4 weeks after e don move the belle.



AFTER THE BELLE DON COMMOT



Even if the woman feel say e no dey with belle again, e be important say me e confirm say the belle don commot completely.

E go either do scan, or pregnancy test 3-4 weeks after e don move the belle.



After the belle don commot, the woman fit expect for continue for bleed for about 1-3 weeks; but no be the same for all woman them. After everything, the woman get for confirm say the belle don commot completely.



Woman fit get belle immediately after e don move another belle.

If e no want get belle immediately, e must start for di do thing dem wey them no go make e get another belle wey e want keep'am —like for use condom, and so on.



CONTACTS

Women Help Women

WEB: [HTTPS://WOMENHELP.ORG/](https://womenhelp.org/)

EMAIL: [INFO@WOMENHELP.ORG](mailto:info@womenhelp.org)

TWITTER: [@WOMENHELPORG](https://twitter.com/womenhelporg)

FACEBOOK: [WOMENHELPWOMENINTERNATIONAL](https://www.facebook.com/womenhelpwomeninternational)

MAMA Network: **Mobilizing Activists around Medical Abortion (MAMA).**

WEB: WWW.MAMANETWORK.ORG

MEDICAL ABORTION

WITH MIFEPRISTONE PLUS MISOPROSTOL (COMBINED METHOD)





HOW E DI WORK?

When the belle di commot, e di be like say you don miss carry.



Mifepristone go block/stop the hormone/chemical wey di keep the belle and e go make pickin e chair (uterus) receive the first medicine (MISO).



MISO di make pikin chair tight, wey e push the belle commot with blood.

When dem fit use'am move belle with no problem?



Normally, within the first 10 weeks of the belle, starting from number one day after your last period.



HOW DEM DI USE'AM FOR MOVE BELLE WITH NO PROBLEM?



Woman go need 1 Mifepristone tablet (200 mg) plus 4 Misoprostol tablets (200 mcg each)



THE MIFEPRISTONE

The woman go swallow'am with glass water.

After 24 hours the woman fit put **4 tablets of MISO** between e gum and e cheeks leav'am sotey them melt.



2 for e left side mop, 2 for e right side mop.

The 4 tablets of MISO suppose for dey inside e mop for about 30 mins so that make delt melt.



WHETTI FIT HAPPEN



The woman fit notice this kind signs the m within the first 24 hours:

E neck go turn (nausea), e fit vomit, purge, fever (wey u no di shiver), headache, body di weak. All these one dem na side-effects wey dem no bad and dem go disappear after a few hours.



WETTIN YOU FIT EXPECT AFTER YOU DON TAKE THE MISO?



The blood and pains/cramps go plenty pass as e di use for be during period.



90% of the time, the belle di commot before 24 hours want finish.



The more the belle dons stay, the more the blood and cramps/pains fit be.



Medicine for stop pain



WETTI BE THE SIGNS SAY YOU DI GET COMPLICATIONS AND THE MEDICINE NEVER WORK FINE?



Blood go di commot plenty sotey you go use 2 or 3 pads ever hour for more than 2 or 3 hours non-stop.



You go get High temperature wey pass 39 degree, for more than 1 day.



Plenty pain wey pain killers no fit cool'am and e go continue for few days after you don take the MISO.



Bad smell and discharge go di commot for your woman skin.

IF YOU GET ANY PALAVA



Go hospital or health center immediately.

Workers for hospital and health center get obligation for attend to the woman immediately.

For hospital, dem go give e the same treatment wey them di give woman wey get complications after e don miscarry.

E no be possible make dem know for hospital wether the woman don miscarry or e don try for move belle with MISO. So woman we y get complication after e don take MISO fit tlk for hospital say don miscarry.

